



# Lekòl Ana ak TiGa gen yon bél Jaden

*Liv sa a ap ede elèv la konprann*


**KOLABORASYON AK  
ANGAJMAN NAN KOMINOTE L**

**Lekòl Ana ak Tiga  
gen yon bél jaden**

Tit sa a fè pati pwojè AYITI LI Ana ak Tiga. Se yon seri liv sou aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki kreye yon ankadreman pou ti moun ann Ayiti. Ekip sa a gen ladan I savan lokal ak entènasyonal nan domèn edikasyon, sikoloji, sosyoloji, antwopoloji ak reliyyon ann Ayiti.

Ekip otè sa yo travay ansanm sou yon seri istwa ak aktivite ki kapab ede elèv yo devlope ladrès yo nan domenn sosyal ak emosyonèl. Otè istwa ak aktivite yo se : Pwofesè Evelyne Trouillot, Pwofesè Bayyinah Bello, Doktè Charlène Désir ak Doktè Anasthasie Libériste-Osirus. Grafis yo se David Campbell avèk Leneen Faith Williams. N ap di yo tout yon gwo mèsi pou bèl istwa sa yo – yon gwo mèsi tou pou kreyativite ak devouman nou tout pou reyalizasyon travay sa a.






Kad sa a dwe sèvi kòm gid pou tout moun ki nan sektè ansèyman, espesyalman moun k ap travay nan lekòl ak sa k ap bay sèvis nan òganizasyon ki gen pou wè ak zafè ledikasyon, k ap akonpaye epi ede nan lekòl primè, segondè ak apre segondè. Travay sa a ofri tout eleman kle pou aprann ak pasyon nan kontèks sosyal ak kiltirèl Ayiti. Epi tou, travay sa a ofri oryantasyon ak estrateji pou w ka itilize lide pa w, sitou nan sektè ledikasyon. Pou plis enfòmasyon sou travay nou nan alfabetizasyon ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ann Ayiti, tanpri vizite lyen sa a : <https://ace.nd.edu/haiti>.



Manman Ana ak Tiga plante bël flè devan kay la. Ti moun yo renmen ede l wouze flè yo pou yo pa mouri. Manman Ana konn fè bël boukè ak flè yo. Ana renmen gade jaden an. Flè li pi pito yo se ti flè jòn yo. Lè Ana gade flè yo, li santi kè li pi lejè. Flè yo fè kay la pi bël.



Yon jou, Ana kanpe nan lakou lekòl li a, li gade a dwat, li gade a goch, li di bon zanmi l ki rele Klara :

– Mwen kwè lakou lekòl la ta pi bèl si nou te gen yon ti jaden flè. Pa gen ankenn koulè nan lakou a. Jan flè yo ta fè l bèl.

Klara reponn :

– Se vre wi. Gade, ban m montre w yon kote yo te ka plante flè.

Klara al kanpe devan yon espas tou won nan mitan lakou lekòl la. Li te gen yon pye bwa ladan l lontan sa, men, depi kèk tan li vid. Yo bare l avèk yon bann ti pikèt bwa.

Ana gade espas la, li dakò ak Klara :

– Ou gen rezon, Klara. Se yon bon kote pou yo plante flè paske li nan mitan lakou a epi li deja bare.

Klara di :


– An n al mande direksyon lekòl la si yo kapab plante flè la a.



1


De (2) ti fi yo kouri al nan direksyon an. Yo mande pale ak Mesye Moris, direktè lekòl la. Mesye Moris koute ti moun yo epi li di :

– Se yon lide ki enteresan. Mèsi, Ana ! Mèsi, Klara ! Mwen panse se yon okazyon pou tout klas la mete men ansanm pou yo reyalize travay la. Ana ak Klara, m ap ban nou responsab pwojè sa a. Al reflechi sou sa epi tounen kote m pou nou di m ki estrateji n ap mete an plas pou n ka fè sa.



Lè Klara ak Ana soti nan direksyon an, yo panike paske yo pa t panse yo ta pral responsab pwojè plante flè nan lakou lekòl la... Se kon sa youn ap poze lòt kesyon :

- Kòman nou pral fè sa pou kont nou ?
- Kote nou pral jwenn flè yo ? M te panse direksyon an ta pral pran responsabilite fè jaden an. Ti moun yo grate tèt yo.
- An n kite sa, Ana, twòp travay pou nou de (2) a.




Ana reponn :

- Pa kouri di sa, Klara. Nou pa oblige fè tout travay la pou kont nou.
- Mesye Moris te di se pou tout klas la travay ansanm. Se sa pou nou fè.
- Ou gen rezon, nou pral prezante pwojè a bay klas la demen maten si Dye vle.
- Sa w di ?
- Wi, sa se yon bon lide.


Demen avan klas kòmanse, Ana ak Klara rankontre nan lakou a. Klara konn fè bèl desen. Li desinen tout flè yo ta renmen mete nan espas ki nan mitan lakou a, nan espas ki bare a. Li fè yon desen ki montre kote lakou a pa gen flè, li rele li : « Anvan ». Li fè yon lòt desen kote lakou lekòl la gen flè, li rele li : « Aprè ».

$$5 \times 2 = 10$$

$$5 \times 3 = 15$$



Ana ak Klara al pale ak Madmwazèl Mari ki se pwofesè klas yo a. Madmwazèl Mari di yo Mesye Moris te gentan di li sa. Li bay ti moun yo pèmisyon pou yo pale ak klas la. Ana te prepare sa li pral di ti moun yo, men, malgre sa, li santi l yon ti jan timid. Li ranmase kouraj li pou li pran lapawòl devan klas la. Li esplike lòt elèv yo kòman flè kapab fè lekòl la pi bèl. Klara kole de (2) desen li yo sou tablo a pou tout ti moun yo ka wè epi byen konprann tou.



Klara ak Ana mande klas la :


– Ki moun ki dakò pou patisipe nan pwojè a ?

Pifò elèv yo dakò pou bay sipò yo nan pwojè a. Aprè sa, Madmwazèl Mari mande chak moun di kòman li ka ede. Anpil elèv leve men yo :

– M ap pote tè.


– Mwen gen flè lakay mwen, m ka pote pou nou plante.

– Mwen menm tou, m ap pote flè. Mwen gen anpil pye choublak lakay mwen.



Lè Mesye Moris tandem sa, li di li t ap pi bon pou tout lekòl la nèt ta patisipe nan pwojè jaden an. Pandan tout yon semèn, Ana ak Klara pase nan tout lòt klas yo pou yo prezante pwojè a. Erezman tout elèv yo kontan pwojè a. Anpil nan yo te vle bay patisipasyon yo. Tout lekòl la chofe nan zafè jaden an.


Tiga kontan anpil. Klas li a pral patisipe tou. Ana ak Tiga di manman yo kapab ede anpil paske li renmen okipe flè ak jaden.




Tiga mande manman l ede l chwazi flè pou l plante nan jaden lekòl la. Manman Ana ak Tiga ba yo anpil rasin flè pou yo plante. Chak jou, elèv yo pote yon bagay pou jaden an. Genyen ki pote tè, genyen ki pote rasin oubyen gress pou plante, genyen ki pote plant ki deja pouse.



Anvan lontan, ti moun yo gentan prepare espas kote yo pral plante flè yo. Yon paran pote pèl ak pikwa. Tè a te sèk anpil paske lapli pa tonbe menm. Youn nan pwofesè yo ede elèv ki pi gran yo fouye tè a. Papa ak manman Klara ki se agrikiltè vin pale ak elèv yo epi montre yo kòman pou yo plante, konbyen fwa ak ki lè pou yo wouze plant yo. Yon lòt paran pote penti koulè vèt pou pentire pikèt bwa yo ki bare jaden an.



Chak semèn gen yon klas ki responsab okipe jaden an. Ti moun yo kontan paske yo tout gen chans patisipe nan travay la. Yo santi jaden an se pou yo tout li ye : elèv yo, pwofesè yo, direksyon an ak tout moun ki travay nan lekòl la.



Espas jaden an vin si tèlman bèl, nan rekreyasyon toujou gen yon gwoup ti moun ki kanpe devan l. Lè flè yo kòmanse pouse, ti moun yo chante tèlman yo kontan. Yo fè yon ti chante sou mizik « Ala yon bèl ti wòb ». Yo fè wonn pandan y ap chante :

Ala yon bèl jaden, wi wa !

Kiyès ki fè l ?

Se nou

Ak ki sa nou fè l ?

Ak bèl ti flè

Yon bèl ti flè a dwat

Yon bèl ti flè a goch

Viv jaden nou an.



Lè paran yo vini nan lekòl la, ti moun yo fyè pou yo montre jaden an. Ana ak Tiga kontan anpil. Yo pran foto jaden an pou yo kole sou mi lakay yo. Ana rakonte manman l ak papa l kòman li te santi l premye jou a :


– Lè lide sa a vini nan tèt mwen, m te kwè mwen pa t ap kapab fè anyen. Tèlman gen bagay ki pou te fèt.

Tiga kouri reponn :

– Paske tout moun met tèt ansanm, mwen vle di elèv yo, Mesye Moris, pwofesè yo ...

Ana ajoute :

– Paran yo tou. Menm moun ki pa gen pitit nan lekòl la bay èd. Chak jou, Madan Jilyen ki gen boutik bò lekòl la ban nou yon bokit dlo pou nou wouze jaden an. Li kontan wè jan flè yo fè lekòl la bèl. Li di se katye l, menm si li pa gen ti moun nan lekòl la.




Papa a di :

– Sa se yon bèle bagay lè gen tèt ansanm pou fè yon bèle aksyon. Se sa yo rele « konbit ». Peyizan gen abitid met ansanm pou youn ede lòt. Kon sa, travay la fèt pi vit, pi byen. Se nan sa nou jwenn pwovèb ki di : « Men anpil, chay pa lou ».

Ana di :

– M p ap janm bliye sa. Chak fwa mwen gade jaden lekòl la, m ap panse, si nou mete tèt ansanm, travay la ap pi fasil.



Tiga kenbe men sè li :

– An n chante Ana: « Ala yon bél jaden ! Wi, Wa ! Kiyès ki fè l ? Se nou ! »

## Mo vokabilè

**Liv sa a ede elèv yo konprann :**

Kominikasyon ak ki jan pou yo travay ann ekip.

**Agrikiltè** : Moun (gason tankou fanm) k ap travay latè.

**Timid** : Se lè yon moun pa renmen pale devan lòt moun, paske li yon jan pè.

**Konbit** : Se lè plizyè moun met ansanm pou yo fè yon travay.

**Panike** : Se lè yon moun pè paske li pa konn sa li pral fè oubyen paske li ka wè yon bagay ki fè li pè.

## Kesyon konpreyansyon

1. Ki moun ki aktè prensipal nan istwa a ?
2. Ki kote istwa a te pase ?
3. Dekri pwoblèm Ana ak Klara remake nan lakou lekòl la ?
4. Esplike etap Ana, Tiga ak Klara te pran pou yo rezoud pwoblèm nan istwa a
5. Ki sa ou panse otè liv la vle ou aprann ?
6. Ki jan ou ka aplike sa ou te aprann nan istwa sa a pou w rezoud yon pwoblèm ou ka genyen nan kominote w ?

## **Estrateji sosyal ak emosyonèl**

Kounye a, di mwen kòman ou ka rezoud yon pwoblèm nan kominote w ? Gade tou patou lakay ou, nan lekòl ou oswa nan kominote w epi di m, si gen nenpòt pwoblèm, ki jan ou ka rezoud li avèk èd paran w, zanmi w oswa pwofesè w.

1. Reflechi sou pwoblèm nan.
2. Reflechi sou solisyon ki posib la.
3. Mande paran w, zanmi w oswa pwofesè w pou yo ba w kèk sijesyon sou fason pou w rezoud pwoblèm sa a.
4. Reflechi sou etap sa yo ou pral gen pou pran pou rezoud pwoblèm sa a.
5. Ekri sou yon papye etap yo ak fason ou kapab travay ansanm pou rezoud pwoblèm sa a.
6. Kounye a, ou gen yon plan pou rezoud pwoblèm lan ! Ou pare pou w fè chanjman!



KOLABORASYON






# Ana akt Ti ga



Pou plis enfòmasyon sou travay ak resous nou yo, vizite  
<https://ace.nd.edu/haiti>.

# Ana ak Tiga

## RASABLE TOUT 7 LIV



Pou plis enfòmasyon sou travay ak resous nou, vizite <https://ace.nd.edu/haiti/>

Copyright © 2018 se pou Alyans pou Edikasyon Katolik. Tout dwa rezève. Pèson moun pa gen dwa repwodui oubyen itilize liv sa a ni okenn pati nan li nan okenn fason sòf si li gen pèmisyon ekri ki soti nan men editè a.